



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN KONKOU ANKOURAJMAN POU VAKSEN COVID-19 'PRAN VAKSEN OU POU YON AVANTI ANPLENNÈ'

436 Nouyòkè te antre nan konkou a apre yo te fin resevwa premye dòz vaksen COVID-19 nan desanm 2021

Gran pri yo enkli lisans pou tout lavi pou lapèch nan dlo dous ak lachas ak pake ekipman deliks

Tout moun ki patisipe yo resevwa semans plant, kat kado ak yon abònman yon ane pou Magazin 'Conservationist'

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan yo pou konkou 'Pran Vaksen Ou pou yon Avanti Anplennè'. Kounkou ankourajman pou vaksen COVID-19 la ki te lanse nan fen ane pase te ede ranfòse pousantaj vaksinasyon pami Nouyòkè yo ki pran plezi nan aktivite anplennè avèk pake pri ki pèsonalize pou pechè, chasè ak lòt fanatik aktivite anplennè yo. Yon total 436 Nouyòkè te patisipe nan konkou yo.

"Nouyòkè yo ki te pran vaksen pou pwoteje tèt yo ak lòt yo pandan pandemi COVID-19 la ta dwe trè fyè de pwogrè nou", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ajoute plizyè santèn moun nan pousantaj enpresyonan moun ki vaksinen nou yo deja se yon viktwa pou tout eta epi pri fantastik sa yo pou gayan yo se yon bonis anplis. Vaksen an se pi bon zam nou pou konbat pandemi sa a, epi tank gen plis Nouyòkè ki pran vaksen, pi vit n ap kapab kontinye sou wout rekipasyon nou".

Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal lan, Basil Seggos, te deklare, "Gouvènè Kathy Hochul konsantre anpil sou abòde pandemi COVID-19 la ak pwoteje sante kominote nou yo. DEC te fyè pou li fè pati pa li pou ankouraje moun yo vaksinen avèk konkou 'Pran Vaksen Ou pou yon Avanti Anplennè', ki fèt espesyalman pou fè plezi ak tout moun ki renmen aktivite anplennè. Avèk plis avantiryè ki vaksinen, nou pa ka tann pou nou wè plis vizitè k ap retounen nan resous natirèl New York yo ane apre ane".

Gayan gran pri pake deliks yo te chwazi pake ki vo apeprè 2,000 dola. Gayan gran pri a yo se:

- Laura M. nan Konte Genesee te chwazi pake Pri Lapèch nan dlo dous, ki enkli yon lisans pou lapèch nan dlo dous pou tout lavi, kayak lapèch, jilè, kàn ak moulinè;
- Robert T. nan Konte Chemung te chwazi Pake Pri Chas avèk Ark, sa enkli yon lisans pou lachas ak lachas avèk ark pou tout lavi, pake abalèt bon kalite oswa pake ark konpoze ki gen ½ douzèn boulon oswa flèch, echèl sipò pou pye bwa, ekipman sekirite / sistèm pou pa tonbe, ak longvi 10x42;
- Ryan W. nan Konte Onondaga te chwazi Pake Pri Lachas Dend, ki enkli yon lisans espòtif pou tout lavi, bon kalite kach sòl, jilè pou lachas dend, pè dekoup poul, vizè optik pou fizi lachas, adwaz, ak longvi 10x42; ak
- Graydon B. nan Konte Ontario, ak Paul T. nan Konte Dutchess, tou de te chwazi Pake Pri Lachas ak fizi. Chak pral resevwa yon lisans espòtif pou tout lavi, linèt ki gen bon kalite pou vize, echèl sipò pou pye bwa, ekipman sekirite / sistèm pou pa tonbe, ak longvi 10x42.

Venn senk patisipan ap resevwa chwa pri Dezyèm Nivo yo ki gen valè apeprè 1,000 dola, sa gen ladan:

- Lapèch: Lisans pa ane pou lapèch nan dlo dous, kayak lapèch, jilè, kàn ak moulinè;
- Lachas ak Ark: Lisans pou lachas ak lachas ak ark pa ane, pake arbalèt bon kalite OSWA pake ark konpoze ki gen ½ douzèn boulon oswa flèch, echèl sipò pou pye bwa, ekipman sekirite / sistèm arè pou pa tonbe, ak longvi 8x42;
- Lachas ak zam: Lisans pou lachas pa ane, pake ark bon kalite, echèl sipò pou pye bwa, ekipman sekirite / sistèm arè pou pa tonbe, ak longvi 8x42;
- Chasè dend: Lisans lachas pa ane ak pèmi pou dend, blind bon kalite, jilè pou lachas dend, dekoup poulè, adwaz, ak longvi 8x42; ak
- Obsèvatè zwazo: Longvi 8x42, manjwa pou zwazo, grenn pou zwazo, ak materyèl I Bird NY.

Tout patisipan yo ap resevwa yon semans plant nan Pepinyè Komemoratif Colonel Kolonèl William F. Fox, DEC a nan Saratoga, ak chwa yo pou swa yon kat kado 25 dola pou yonsware kanping gratis nan teren kanping DEC, oswa yon kat kado 25dola pou yon gwo magazen pwodui espòtif. Anplis, patisipan yo ap resevwa yon abònman yon lane nan magazin *Conservationist* DECa, k ap [selebri 75 lane](#) piblikasyon li aktyèlman.

Anvan pou gen yon lisans lachas ak nenpòt nan privilèj ki asosye yo (pa egzanp privilèj lachas ak flèch), benefisyè a dwe fè yon kou edikasyon sou lachas ak kou sou lachas ak flèch (nan ka pake pou lachas ak flèch la) epi prezante sètifika reyalizasyon an. Tout patisipan ki vaksinen, kalifye, dwe respekte tout egzijans ki aplikab yo pou resevwa lisans lachas oswa lapèch nan dlo dous na Eta New York, ki enkli achèyman kou edikasyon sou lachas ak lòt règleman yo. Pou plis enfòmasyon sou lisans pou lachas ak lapèch nan dlo dous, vizite <https://www.dec.ny.gov/permits/6094.html> ak <https://www.dec.ny.gov/permits/6091.html>.

Disponibilite Vaksen

Tout moun ki gen senk ane ak plis pase sa ki rete nan Etazini kalifye pou pran vaksen an. Nouyòkè ta dwe kontinye mete yon mask kote sa apwopriye ak swiv tout lòt direktiv sante yo. Fèy enfòmasyon FDA pou benefisyè ak swayan yo sou chak vaksen ki disponib: [Pfizer-BioNTech/Cominarty](#); [Moderna](#); [Johnson & Johnson](#).

Vaksen COVID yo disponib toupatou nan eta a nan famasi, depatman sante lokal yo, klinik, Sant Sante ki Kalifye sou Plan Federal yo ak lòt kote nan eta a. Vizite [Vaccines.gov](#) pou jwenn randevou toupre ou oswa kontakte famasi lokal oswa founisè ou.

Pou pran yon randevou dirèkteman nan yon sit Eta New York jere, ale nan [pwogramatè vaksen Eta New York](#) la ak swiv enstriksyon yo. Randevou san pwograme davans yo aksepte tou nan sit vaksinasyon an mas Eta New York pou tout moun ki kalifye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)